

# ГЬУДУЛЛЪИ

№1
1 январь
2015сон

**ЦIияб сонгун, гьудулзаби!**




## Районалъул бетIер М. ПатхIулаевасул Барки!



Щибаб ЦIияб соналде жанире лъугьунаго ва дунялалъул таварихалъулъе унеб аслияб соналъулгун къо-мех лъикI гьабулагоги дунялалъулги гIумруялъулги ургъелги бугев пикрабиги гьарулев щивас, хасго нухмалъулес, хIисаб гьабула къо-мех лъикI гьабулеб сонал-да гьабуралъулги гьабичIого хутIаралъулги ва араб сон тIабигIиябгун политикияб ва экономикиябгун социалияб рахъалъ гьеб кинаб букIараб.

Гьеб рахъалъ араб сон аслияб къагIидаялда районалъе букIана экономикиябгун социалияб рахъалъ хIаракатаб гIуцIалилаб хIалтIул сонлъун.

Цо къадаралда лъикIлъана гIадамазул рукIа-рахъин, байбихьана щивасул рокъоб хъахIилаб цIа бакизе, гIемерго лъикIлъана лъимал ясли-ахаздеги кьун улбузе эркенлъи щвей ва гIун бачIунеб гIелалъе цIалуеги физическияб лълъадариялъеги шартIал гIуцIи.

Республикаялъ байбихьана Дагъистаналъул цIияв бетIерасул приоритетниял программаби гIумруялде рахъинариялъул практическияб хIалтIи.

Амма бетIералда США-гун жидерго хъантIараб къасдалъ пардав бахъиялъ улкаялъе гьеб рахъалъ гIезегIанго квал-квал байбихьана араб соналда нилъее рижана чIахIиял хIалбихьиял. Инша-Аллагь гьездаса рорчIила нилъ.

ХIурматиял районцоял, ракI-ракIалъго гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел ва талихIаб гIумру.

## Халкъияв депутат М. Ибрагьимовасул Барки!



ХIурматиял районцоял!

Нилъеца регIана 2014 сон ва къабул гьабулеб буго иргадулаб 1915 соналъулгунги Цияб сон къабул гьабулаго инсанасул хьул ва божилъи букIуна гьеб араб соналде дандеккун дагьабго талихIаб, икъбал бугеб, къварилъи-пашманлъиялдаса цIунараблъун букIиналда.

Араб сон, Украиналда ккарал лъугьа-бахъиназул хIасилалда, Россиялъего гIадин, Дагъистаналъеги ва нилъер районалъеги букIана дагьабго рахIат хвараблъун. Кинабго жоялъул багьа борхана, хасго кванил нигIматазул.

Божи буго гьединаб ахIвал-хIалхалат бахъиларин ва нилъер яшав рукIалиде бачIинин абун. Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутатаз гьеб суалалда сверухъ хIалтIи гьабулеб буго. ГIаммаб къагIидаялъ гьеб араб сон нилъер районалъе квешаб букIинчIилан абизе бегьула. ЛъикIал ишаздалъунги захIматалъулал бергьенлъабаздалъунги хутIила гьеб нилъер ракIазулъ.

РакI-ракIалъ баркула киналго ракьцоязда тIаде щвараб ЦIияб 2015 сон, гьарула киназего щулияб сахлъиги, талихIги, рохелги.

Биччанте гьеб букIине гIорхъи гьечIеб баракат нилъеде рещтIунеблъун ва тIабигIиял балагьаздаса цIунараблъун.

# КИНАБ БУКIАРАБ АРАБ СОН?

Гьеле, гьединаб суалалъул пикрабазда вукIадго хIалбихьулеб буго дица гьелъие дирго бихьиялда жаваб кьезе.

ТIадегIанав Аллагьас инсаниятальеги дунялалъул тIабигIатальеги кьолеб щибаб цIияб соналъул букIуна жиндирго низам, гIорхъи чIвай, баракат, битIккей ва кIудияб, гIорхъолъа араб лъугьа-бахъин.

Гьеб рахъалъ нилъер районалъеги, республикаялъеги ва улкаялъегоги араб 2014 сон букIана байбихьудасаго битIккараблъун. ЦIараб заманалда Россиялда бажарана Сочиялда хасалилаб олимпиада тIобитIизе. Ва кинал ругониги гIорхъолъа рорчIарал лъугьа-бахьинал ккечIого ана спорталъулал кьецал. Гьенир бищун цIикIкIун меседил медалалги росун нилъер спортсменаз боххизабуна ВатIан. Гьелдалъун бихьизабуна нилъерго спортивияб къуватги, гъункиги ва характерги (хасият).

Гьединго, нилъер вацлъиялъулаб Украиналда ультранационалистаз гьабураб рагъулаб переворотaлдалъун власть кодобе босун хадуб, Крымалъул власталь тIобитIараб тIолгохалкъалъулаб референдумалъул хIасилалда Крым жиндиего бокьун Россиялде гьорлъе бачIиндал тIад буссана, КПССалъул Генералияв секреатрьлъун вукIарав Н. Хрущевас картошкадул мешок кинниги, жиндиего рецпалъе Украиналъе 1954 соналда сайгъат гьабун букIараб Крым, (Россия бетIергьанаб ракь), узухъда, гьелдаго цадахъ гьелъул халкъги.

Араб соналда РФялъул хурухъабазул бахIарчияб захIматалдалъун улкаялда бакIарана тIощалил рекордалъулаб бачIин- 104 миллион тонна , 0,6-0,7 проценталь цIикIкIун буго улкаялда хIадураб гIаммаб продукциялъул кьадар, 1,44 триллион гъурщиде бахун буго гIаммаб доход.

РакI боххулеб хIалалда хьезаруна улкаялъул медучреждениябги тIадегIанаб технологияб медтехникаялдалъун, цIикIкIинабуна сахлъи цIуниялъе биччараб бюджетальул гIарац. Гьелъ рес кьуна гIадамазул сахлъи цIуниялъе гьабулеб хIалтIул качество борхизабизе.

Гьединго араб соналъги бергьенлъиялда гIумруялде бахъинабулеб букIана гIун бачIунеб гIелалъе тарбияги лъайги кьеялъул системаялда реформа. Гьелъ араб соналдаги жеги лъикIлъана улкаялъул бищунго кьадруял ВУЗазде мухъилал гIадамазул лъимал цIализе рорчIиялъул къисмат. Гьелъие нугIлъи гьабулел мисалал руго нилъер районалдаги.

Араб соналда гIезегIанго лъикIлъана улкаялъул халкъалъул социалияб рахъ. Пачалихъиялгун муниципалиял хIалтIухъабазул 10 категориялъе цIикIкIана хIалтIул мухь, пенсиялъе индексация гьабуна 2 нухалъ.

Улкаялда демографияб программа гIумруялде бахъинабиялъе риччарал харжалги цIикIкIинаруна. Гьелъул хIасилалда араб соналда гIадамазул тIабигIияб прирост бахун буго 38 азаргоялде гIагарун чиясул.

Нилъеца къо-мех лъикI гьабулеб соналда жеги щулалъана нилъер улкаялъул жинцаго жибго цIуниялъулаб къуват, борхана халкъазда гьоркьосеб къадру-къимат.

2014 сон Дагъистаналъеги букIана баракатаблъун. ГIезегIанго цебетIей ккана республикаялъул экономикиябгун социалияб ва культураялъул рахъалда. Дагъистаналъул бетIер Р. ГIабдулатIиповас вачIинахъего къабул гьабураб приоритетнияб 10 программа гIумруялде бахъинабизе гIоло байбихьараб къеркьей республикаялда къоялдаса-къоялде хIаракатаблъунги жи гараблъунги лъугьунеб буго. Араб соналъ гIемераб хIалтIи гьабуна республикаялъул агропромышленность цIи гьабиялъе, батIаго цIикIкIараб хIалтIи гьабуна араб соналда цIолбохъанлъи цIикIкIинабиялъе.

Приоритетнияб 10 программа гIумруялде бахъинабиялъулъ министерствабазулгун ведомствабазул ва шагьаразулгун районазул нухмалъулезул персоналияб жавабчилъи борхизабуна республикаялъул бетIерас. Гьеб нилъеда бихьулебги буго. Араб соналда жеги цIикIкIун загьираблъунги рагьараблъунги лъугьана республикаялъул власталъул хIалтIи.

Дагъистаналъул социалиябгун экономикияб ва культуриябгун интеллектуалияб рахъ цебетIеялда ва Дагъистаналда чIара-хьараб гIумру букIинабиялда хурхараб Р. ГIабдулатIиповасул программа гIумруялде бахъинабиялъе гIоло къеркьолел, гьеб рахъалъ республикаялъул бетIерасе квербакъи гьабулел ГIалибег ГIалиев гIадал гIуцIарухъаби-прорабал араб соналъ гIезегIанго цIикIкIун рукIинги ва гьелъ кьолел хIасилалги рихьулел руго…

Нилъер районалъеги букIана араб 2014 сон бергьенлъабазулаблъун. ГIезегIанго цебетIей ккана социалиябгун экономикияб ва культурияб гIумруялъул. ГIемерал гIадамазул рукъзабахъ бакана газ. Гьелъ гIемерго бигьалъана рукIа-рахъин, батIаго -кIудиял гIадамазе.

Районалъул школазул выпускниказ бергьенлъиялда кьуна ЕГЭ. Гьезул гIемерисел рорчIана улкаялъул ВУЗазде цIализе. Жидерго бергьенлъабаздасан район бохизабуна районалъул спортсменаз…

-Гьваридаб лъайги, рухIиябгун нравственнияб ва захIматалъулаб тарбияги физическияб лъадариги щварал гIун рачIунел гIелал ккола районалъул букIинесеб. Гьединазда бараб букIине буго росабазул ва районалъул къисмат,- ян абуна районалъул педагогазул августалъулаб совещаниялда районалъул бетIер М. ПатхIулаевас.

Гьедин батилаха цебего гIадин араб соналдаги гьес хасаб кIвар кьураб гьеб суалалде.

Араб соналда районалъе кIудияб рохеллъун букIана 2013 соналда районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялъул рахъалъ мугIрузул районазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккеялъе гIоло районалъе республикаялъул ХIурматияб грамота кьезе Дагъистаналъул премьерасул тIоцевесев зам. ГI. ГI. МухIамадов вачIин. Инша Аллагь. 2014 соналъул хIасилазеги щвезе батила гьеб. Щай гурелъул, араб 2014 сонги гIуцIараб къагIидаялда индал районалда, батIаго социалиял объектал раялъул ва росдал магIишаталда хIалтIул рахъалъ.

2014 соналда районалъ рохалида кIодо гьабуна 1999 соналъул августалъулаб лъугьа-бахъиналъул 15 сонилаб юбилей. Гьелъие жеги цIикIкIараб рохелги, жавабчилъиги ва рекIелчIейги кьуна гьеб байрамалда гIахьаллъи гьабизе Дагъистаналъул бетIер Р. ГIабдулатIипов вачIиналъги ва гьес районалъе кьураб къиматалъги.

Араб сон гьединабго рохалилаб ва захIматалъулал бергьенлъабазул букIана Россиялъул Федерациялъего…

Амма нилъер гьединаб талихIаб гIумруги цебетIейги кидаго гIадин гьанжеги бокьичIо Западалъе. СШАялъул нухмалъиялда гьоркь гьелъул улкабаз РФялде рагIинаруна экономикиялгун политикиял санкцияби. Узухъда, гьелъул хIасилаз лъикIаб гьечIеб асар гьабизе байбихьана нилъер экономикаялъе, рижизаруна финансазда гьоркьосел захIмалъаби.

Гьелдаса нилъеда бичIчIунеб буго жеги гIасрабаз цIунун хутIизе рукIин, халкъалъе хилиплъараз биххизабураб СССРалъул гIуцIарухъан ва дунялалъулго захIматчи халкъалъул вождь ва учитель В. Ленинил. «Нилъер тушбабазе нилъ рокьизе руго загIипго ругеб мехалда, амма нилъер иш лъикI букIин гьезда хIехьезе кIвезе гьечIо» абурал рагIабазул кIварги, магIнаги…

В.В. Путин Россиялъул Президентлъун ккезегIан нилъер улкаялда букIараб загIиплъиялъ нилъ рокьуларезул бижинабун букIараб рохел ва къасд пашманлъиялде сверизабуна нилъер ВатIаналъул социалиябгун экономикияб цебетIеялъ.

-Нилъер тIабигIаталдехунги, гьелъул бечелъабаздехунги рекIел хъублъиги балъгоял къасдалги гьанже гуро рижарал западалъулазулъ. Украиналдаги Крымалдаги хурхараб гьениб гьечIо.

Ахираб заманалдайин абуни, гьел батIаго цIикIкIун загьирлъулел руго. Амма гьеб мурадалде гьел киданиги щоларо. Гьелъие кьучIлъун ккола РФялъул рагьулаб гучги, ГIемермиллатазулаб халкъалъул гъункиги, таваккалги, патриотизмги ва миллияб чIухIигиян абуна В. В. Путинида нилъерго ва къватIисел улкабазул телеагенствабазул мухбирзабазулгун букIараб дандчIваялда.

Гьединаб рахьалдаса балагьани, араб 2014 сон букIана рохалилаблъун гуребги, улкаялъе захIмалъаби рижараб ва гьел лъугIинариялъе гIоло гурун гьуждулгун Россиялъул Федерациялъул Президент В. Путинида ва Дагъистаналъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасда сверухъги гъункун нилъ гIаданлъиялдагун бахIарчилъиялда къеркьезе тIамураб сонлъунги.

Гьел захIмалъабазул соналда тIолабго улкаялъул ва гьелдаго цадахъ нилъер республикаялъулгун районалъул щивав гражданинасулги, хасго захIматалъул коллективазул, щивав нухмалъулесул жакъасеб тIадаб налъилъун ккола, нилъер эбелаб ВатIан накабазде ккезабизеян Западалъул хъубаб план хIорго хутIиялъе гIоло жиде-жидеда божизабун бугеб щибаб ишалда ракIги, кверги ва пикрабиги рацIадго хIалтIи. Гьеле, гьеб букIине буго, В. В. Путиница абухъего, унго-унгояб патриотизмлъунги ва бахIарчилъилъунги.

«Гъудуллъи» газета цIалулезда ва тIолалго районцоязда ЦIияб сон баркулаго гьаруна щулияб схлъи, талихIаб, ракълилаб гIумру. Гьединго гьарула сундулъго Аллагь разияб гIамал-тIабигIатги, рацIалъиги, гIаданлъиги, сабруги цIунизе бахIарчилъи. Гьединаблъунги талихIаблъун ва Живго разиябльунги гьабеги нилъее Аллагьас ЦIияб сон!

Нилъер улкаялъул ва гьелъул халкъалъул талихIаб гIумруялъе квал-квал гьабизелъун гвенд бухъулел ругел, Аллагьас гьеб къоринире жалго ккезареги!

Гьединго къоринире ккезареги лъалхъиго гьечIел мацIихьабиги! Амин!

**Ш. ЛАБАЗАНОВ,**
**журналист.**

## БАРКУЛА ЦIИЯБ СОН ВА ХЪУЛУХЪ



Гlумаров Гlазим Абакарович гьавуна нилъер районалъул АнсалтIа росулъ 1863 соналъул 12 сентябралда. 1980 соналъ меседил медалалда школаги лъугIизабун цIализе ана Дагъистаналъул политтехническияб институталде.

Ахираб заманалда хIалтIана земельный комитеталда Росреестралъул бетIерав специалистлъун.

Гьаб соналъул 1 сентябралдаса нахъе хIалтIулев вуго МФЦялъул (гIемер хъулухъазулаб центр) директорлъун.



ГьазимухIамадовАбакар МухIамадович гьавуна 1967 соналъул 22 июлалъ Хьаргабиросулъ. ГIемермехалъ хIалтIана Хьаргаби электросетазул ПУ (производственнияб участкаялъул) начальникасул заместительлъун.

3 декабралдаса нахъе хIалтIулев вуго Болъихъ электросетазул начальниклъун.

# ЦIИЯБ СОНАЛДЕ, МАСХАРОГУН - САЛАМАЛ»

### Рай.администрациялъул бетIерасул зам. ГIабдулдибир ГIабдулдибиров



Дуда ргIи абун, хIехьезе гьечIо
ХIалае вахъина ГIабдулдибир дун
Дир ццим бахъарабго, хIалуцарабго
ХIеренго абула «Не кипятисан!».

Дир иш лъикI унелъул, «Вот головаян»!
Дагъалги хивалал,хурхуна рек1елъ.
Харжал дагъал ругин,дун зигардани
Зато ц1ар бугилан,ц1а свинабула.

### ПРОКУРОРАСУЛ ЗАМ. ЖАМАЛИДЕ



ХIеренав чи вугин тIад балагьидал,
«ХIанчIизе» заз гурищ, Жамал ватарав.
Живго гIодов чIараб тах бакIидаса
Харж гуреб щолареб щай дуе хъулухъ?.

Дуй «ришват» щвеларо, щайгурелъул зам. мун
Заманаялъ лъалхъе, хъулухъалъ ворхе!
Хъван батани мунги, вахъинев хIаким
«ХIел-хIел» чагIаз дуйги баччилеб давла.

### УСЗНалъул начальник МухIамадов ХIажиясде



Жибго собесалъул, **Совесть,** Честьгун, Ум;
Сахаватав инсан Шарапулал вас!
Щваравищ нижехъе,вачIаравищ мун
БачIарабищ гIарац подпискаялъухъ?

ГIарацги бачIана дунги вачIана,
"ДугIнузул" сон баркун, дунги ваккана,
Диеги хириял дунги рихарал
Районалъул бутIрул, барка ЦIияб сон!

### МФЦялъул начальник ГIумаров ГIазимиде



Гьанже ГIазимиде, гIазанАллагьха
Абакарович гуреб, абурав инсан.
МФЦялъул цого цо хIаким
ХIелизе ккун руго," ккараб" бакIха нилъ.

Цевеги къадруялъ, къватI гIоларев гьав,
Къадал ракьанда чIа, вачIунев вугин.
ВорчIамиян къуле, къадру борхизе,
КъваригIел тIубазе тIамурав хIаким.

### *РЦДЮялъул директор Жамалудиниде*



Дун «Острыйги» гуро, «Тупойги» гьечIо
Те я дие харбал, хвенех чIвачIого
Районго чIухIараб «РЦДЮялъул»
Директорин кколев АхIмадулал вас.

Амма лъан букIаха, бачIунеб гьаб сон
"ЦIаназул" гуреблъи, " дугIнузул" букIин.
Дица нух малъулеб коллективалъе
Кинго биччаларо сокращение!

### РЭСалъул начальник Абакар!

Болъихъ канлъи свараб сордоги цIехон,
Абакар ваккана, «канги» кодоб ккун.
Кинниги Хьаргаби, ГЭСги бугелъул
Свет гьечIого Балъхъал,
бегьиларин тун

Баракат гуребги кириги щвезе,
Кварал, хIубал, рана,
РЭСалъул хIалтIе.
Районалда тIокIав тIамизе инсан,
ТIаса хьирщаниги щвеларо нужей.

РагIунги букIана бихьунги лъана,
Болъихъе щварав чи нахъе
унарин.
РещтIине бакI гьечIев, Апарагасе,
Гьарула кумек кье. квартира кквезе.



### КЦСОНалъул директорасул зам. Ханикаде

Гьадинги пахруяй, Ханика,
пока…
КЦСОНалъул замлъун рагIула
Заман дай адинаб дойдай жигарай
Жаваб батулареб ребус кьун буго.

Баркула ЦIияб Сон, кин батаниги
Капкал гIемерлъаги
гIадан воххизе
Харбал камуларел,
контора чIахъад
Кодоса биччазе бугеб гIаги бакI!



### Культураялъул рукъалъул директор АхIмадиде

Гьаб сон культураялъул,
лъагIел букIана,
ЛъугIана, тIагIана, тIобитIана
гьеб
ТIадеялъул ахикь инадай
АхIмад
Ахбазан чIаразе, чIорал рацIине

ЧIор битIараб рагIи,
Рамазан - Дацил,
«Культура лъугIани гIантлъи
тIатунин»
Росабалъ къелчIолел,
чIун балагьун халкъ
Хадув гьоларо дун,
дур «концертазда».

# ЦIияб сонгун, гьудулзаби!









## *Нижер барки ва баркала!*

***Бокьараб газеталъул рухIиябгун идеялъулаб рахъги гьелъул бегIерлъиги гIемериселъ бараб букIуна гьелъулги росабазул мухбирзабазулги щулияб творческияб бухьеналда ва гьезул хIаракатаб творческияб кумекалдаги.***

***Районалъул «Гьудуллъи» газеталъулги руго гьединал творческиял хIаракатчагIи-росабазулал мухбирзаби. Гьединаллъун ккола Зило росдал рагъулгун захIматалъул ветераназул советалъул председатель, ветеран Рамазан ХIусейнов, районалъул прокурорасул заместитель Жамал ЖабрагIилов, Салман ХIасбулаев (Шодрода), учитель ГIиса Къурбанов (Кьохъ), учитель МухIамад Нуричиев (Болъихъ), ХIажимурад МухIамадов (Кванхидалъ), тохтурзаби ЗайнабХIусейнова, Жамиля Пахрудинова ва Мадина ГIалиева, РОВДялъул штаталъул начальник , ЗахIматалъул ветеран МухIамадамин ХIамзатов, медициналъулаб страхованиялъул районалъулаб филиалалъул начальник ХIайбула Къурбандибиров, районалъул налоговияб полициялъул начальникасул заместитель СагIадула ГIарашев ва цогидалги.***

***Гьединго руго «Гьудуллъиялъул» редакциялъе рагIудалъунги ишалдалъунги, хас подписка гьабиялъе кумек гьабулел нухмалъулелги. Гьединаздаса цояллъун ккола райбольницаялъул бетIерав тохтур ГI. ГIабдурахIманов, налогазулаб инспекциялъул начальник М-Н. Набиев, РОВДялъул начальник К. ХIажиев ва цогиддалги.***

***Гьанир жидер цIарал рехсарал ва рехсечIого хутIаралги, районалъул «Гьудуллъиялъул» гьудулзабикумекчагIазда ва «Гьудуллъи» цIалулел киназдагоги ракI-ракIалъ баркула ЦIияб 2015 сон!***

***Аллагьас талихIаблъунги, лъикIабщинал мурадал тIуралеблъунги. Аллагьасул рахIматаздалъун гьарзаяблъунги ва нилъерго гIагараб газеталъулгун бугеб гьудуллъи жеги щулалъулеблъунги батаги нужее ЦIияб сон!***

***«ГЬУДУЛЛЪИ» ГАЗЕТАЛЪУЛ РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

















***БетIерав редактор ГI. ГIумаханов***